

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, hasil panalungtikan bisa di cindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 SMA Negeri 4 Bandung saméméh ngagunakeun model *Group Investigation* kagolong can mampuh kalayan rata-rata peunteun nyaéta (54,56) tina KKM 72, hartina masih di handap KKM. Tina 36 siswa ngan 6 siswa (17%) sésana 30 siswa (83%) can ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana skor aspék nulis sisindiran nyaéta organisasi eusi, diksi (pilihan kecap), purwakanti, guru wilangan, éjahan jeung karapihan tulisan. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék organisasi eusi kagolong cukup rata-rata skorna (3,41) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék diksi atawa (pilihan kecap) kagolong kurang rata-rata skorna (2,61) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék purwakanti kagolong cukup rata-rata skorna (2,63) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék guru wilangan kagolong kurang rata-rata skorna (2,69) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék éjahan kagolong cukup rata-rata skorna (2,47) tina skor maksimumna (5,00), sarta dina aspék karapihan tulisan kagolong cukup rata-rata skorna (3,11) tina skor maksimumna (5,00). Katitén tina genep aspék siswa kurang mampuh dina aspek diksi (pilihan kecap).
- 2) Kamampuh nulis sisindiran sabada ngagunakeun model *Group Investigation* kagolong mampuh kalayan rata-rata peunteun nyaéta (83,08) tina KKM 72, hartina geus leuwih ti KKM. Tina 36 siswa sadayana (100%) geus ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana skor aspék nulis sisindiran nyaéta organisasi eusi, diksi (pilihan kecap), purwakanti, guru wilangan, éjahan, jeung karapihan tulisan. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék organisasi eusi kagolong hadé rata-rata skorna (4,08) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék diksi (pilihan kecap) kagolong hadé rata-rata skorna (4,02) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék purwakanti kagolong

hadé rata-rata skorna (3,93) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék guru wilangan kagolong hadé rata-rata skorna (4,33) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék éjahan kagolong hadé rata-rata skorna (4,02) tina skor maksimumna (5,00), sarta dina aspék karapihan tulisan kagolong hadé rata-rata skorna (4,30) tina skor maksimumna (5,00). Katitén dina genep aspék sadayana ngaronjat, aspék nu paling ngaronjat nyaéta diksi (pilihan kecap) ti (2,61) ka (4,02).

- 3) Béda signifikan atawa henteuna antara hasil *pre-test* jeung *post-test* antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 SMA Negeri 4 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun model *Group Investigation*. Dumasar hasil *pre-test* kamampuh nulis sisindiran siswa kagolong can mampuh (54,56). Mampuh (83,08), sakabéh siswa asup kana kategori mampuh. Dumasar hasil uji statistic nilai signifikansi (Sig. 2-tailed) nyaéta ($0,000 < 0,05$) atawa kurang ti 0,05. Ku kituna H_1 ditarima atawa H_0 . Hartina aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 SMA Negeri 4 Bandung taun ajar 2020/2021 saméméh jeung sabada ngagunakeun model *Group Investigation*.

5.2 Implikasi

Model *Group Investigation* dilarapkeun dina nulis sisindiran. Larapna modél *Group Investigation* meunang sawangan anu positif ti siswa jeung guru, ku sabab dina prak-prakanna ieu model ngirut jeung dipikaresep. Ieu model ogé bisa numuwuhkeun daya kréativitas siswa, mantuan siswa pikeun silih tukeur informasi sarta ningkatkeun proses social.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngayakeun panalungtikan ngagunakeun model *Group Investigation* dina nulis sisindiran, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan yén model *Group Investigation* bisa dijadikeun alternatif ku guru hususna dina pangajaran nulis sisindiran, umumna dina pangajaran basa Sunda.
- 2) Ieu panalungtikan ngagunakeun metode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu model ku ambahan anu leuwih lega nyaéta metode ékspérimén murni.
- 3) Keur panalungtik satuluyna, dipiharep bisa leuwih asak tur hadé dina nataharkeun panalungtikan.